Iringan *sampak garap Laras Sléndro Pathet Nem* irama *seseg*. Si Teng San divisualisasikan berjalan *kéntas* ke kanan dan Hoan Le Hoa mengikutinya. Si Teng San *tancep* di *gedebog* atas sisi kanan menghadap ke kiri. Hoan Le Hoa *tancep* di *gedebog* atas sisi kiri menghadap ke kanan. Iringan *suwuk* dilanjutkan *pocapan*.

***Pocapan:***

Hoan Le Hoa : “*Dhuh Radèn Radèn Si Tèng San paduka ingkang wonten sajroning sumpenan pasupenan kula Radèn*”

Si Teng San : *“Mengko dhisik, kowé aja ngawur bawar! Wong-wong Tong Thai Cong ora bakal dadi siji karo wong Han Kang Kuan, marga wong Han Kang Kuan kuwi dianggep klilip dianggep mungsuh wong-wong Tong Thai Cong!”*

Hoan Le Hoa : *“Bat tobat tobat, kula aturi pitados dhumateng kula Radèn, saèstunipun kula Hoan Lé Hoa natkala semanten, kula sampun wineling kaliyan bapa guru kula, bilih samangké ingkang dados jodho kula menika salah sawijining satriya ingkang asma Si Tèng San, lan paduka sajatosipun ingkang dumunung wonten sajroning pasupenan kula Radèn, pramila badhéa kados pundi, nadyan ta paduka nganggep tiyang Han Kang Kuan menika mengsah, nanging ri kalenggahan menika kula aturi nampi pasuwitan kula Radèn, awit badhéa kados pundi, kula trimah pejah manawi kula mboten saget suwita kaliyan paduka Radèn Si Tèng San, dhuh Radèn, samenika kula pasrah jiwa raga kula, nadyan ta paduka badhé mejahi kula kula namung ndhedhèrèk kémawon, nanging paduka kedah nampi katresnan kula”*

Si Teng San : *“Sst! Nisih nisih! Wong wadon ngingèl-ningèl! Ana giri patembaya, aku gelem ngrabèni kowé yèn kowé bisa nugel janggané Si Tèng San!”*

Hoan Le Hoa : *“Bat tobat tobat, apa ya aku ki kurang ayu apa piyé, ing atasé ana wong wédok seneng karo kowé, kipa-kipa nggonmu, nampik marang pasuwitanku iya Si Tèng San Si Tèng San, yèn kowé arep ngreti kadigdayané Hoan Lé Hoa mara majua, majua leganing atiku ora bakal Hoan Lé Hoa kalah karo kowé Si Tèng San!”*

Si Teng San : *“Wah kakèhan suwara!”*

*Caking Pakeliran:*

Iringan sampak garap Laras Sléndro Pathet Nem irama seseg. Hoan Le Hoa tancep di gedebog atas sisi kiri menghadap ke kanan. Iringan suwuk dilanjutkan kandha.

**Kandha:**

*“Kocap kacarita, natkala semanten Radèn Si Tèng San, mboten karsa nglanggati katresnané Sang Dèwi Hoan Lé Hoa, karena Radèn Si Tèng San ingkang sajatosipun dados jatukramanipun Hoan Lé Hoa samangké, runtik panggalihé Sang Hoan Lé Hoa, karena dipuntampik kaliyan Si Tèng San, ing cipta natkala semanten, matek mantram sakti, satemah pet angganira Sang Si Tèng San kaya winalik panggrahitané, sanalika peteng ndhedhet Radèn Si Tèng San tan karaos, sawusnya ambuka nétra, Si Tèng San sampun dumunung wonten satengahing gunung kembar kagayat Risang Si Tèng San!”*

*Caking Pakeliran:*

Iringan sampak garap Laras Sléndro Pathet Nem irama seseg untuk mengiringi visualisasi Hoan Le Hoa menggunakan kesaktiannya untuk menyerang Si Teng San. Si Teng San divisualisasikan berada di tengah-tengah gunung kembar yang diilustrasikan dengan dua kayon. Iringan suwuk dilanjutkan pocapan.

**Pocapan:**



Si Teng San : *“Wéladalah, pancèn sekti Hoan Lé Hoa, ora nyana babar pisan, peteng ndhedhet panonku bareng aku mbukak kok wus aku, ana satengahing gunung kembar, é Hoan Lé Hoa! Hoan Lé Hoa!”*

Hoan Le Hoa : *“Bat tobat tobat, ana apa Si Tèng San? Sambata leganing atiku! Dina iki kowé bakalé tumekaning pati!”*

Si Teng San : *“Aku ora bakal tumekaning pati mung marga bocah wadon! Hayo metua leganing atiku!”*

*Caking Pakeliran:*

Dalang ndhodhog geter sebagai aba-aba dimulainya suluk *ada-ada Laras Sléndro Pathet Nem Cekak*. Selama suluk dibawakan Hoan Le Hoa keluar dari kiri tanpa *tancep*. Selesai suluk dilanjutkan *pocapan*.

***Suluk Ada-ada Laras Sléndro Pathet Nem Cekak:***

*“Héng, wanodya ayutama ngambar arum, ngambar aruming kusuma, ong o, yèn ngandika semuné nggigit lathi, hong.”*

***Pocapan:***

Hoan Le Hoa : *“Ayo, sambata leganing atiku metua nèk kowé bisa! Yèn kowé ora gelem nampa pasuwitanku wurung tan wurung kowé bakal tumekaning pati!”*

Si Teng San : *“Aku ora bakal njaluk pitulungan karo kowé! Hayo, kanthi cara jiwa kaprawiran, ngétoka ayo tandhing karo aku!”*

***Kandha:***

*“Kocap kacarita, natkala semanten gunung saya ngangseg gunung saya ngangseg, satemah Radèn Si Tèng San kepèpèt, anjelih kepati Radèn Si Tèng San!”*

*Caking Pakeliran:*

Iringan *sampak garap Laras Sléndro Pathet Nem* irama *seseg*. Dua *kayon* sebagai ilustrasi gunung kembar digerakkan semakin rapat hingga menjepit tubuh Si Teng San. Iringan *suwuk* dilanjutkan *pocapan*.

***Pocapan:***

Si Teng San : *“Wadhuh, mati aku, Hoan Lé Hoa, Hoan Lé Hoa aku tulungana Hoan Lé Hoa, Hoan Lé Hoa aku tulungana!”*

Hoan Le Hoa : *“Ora bakal tak gawé macak, yèn kowé ora gelem ngladèni katresnanku Radèn Radèn, saèstu kula menika, ingkang siyang ratri ingkang tansah kula upadi, kula énggal pinanggih kaliyan jodho kula, kamangka sampun kinodrat, cundhuk kalawan bapa guru ingkang sampun ameling dhumateng kula bilih paduka menika sajatosipun jatukrama kula.”*

Si Teng San : “*Wo a a a adhuh, ambeganku kok angèl banget*”

Hoan Le Hoa : “*Sambata leganing atiku! Géné mung dikempit gunung waé ora isa bangga!*”

Si Teng San : “*A aku kulina dikempit ning, gunungé ora kaya ngèné iki ya, adhuh iyung alah, hakh ah, Hoan Lé Hoa, hakh hakh aku wis ora isa ambegan, hk ah hah adhuh, gunungé kok ya gedhi banget ta ya hk akh*”

Hoan Le Hoa : “*Bat tobat tobat, aku gelem nulungi yèn kowé janji, gelem nampa pasuwitanku!*”

Si Teng San : “*Hakh ah, i iya wis ho’oh*”

Hoan Le Hoa : “*Ho’oh piyé?*”

Si Teng San : “*Hok ho’oh, gel gelem gelem, aku gelem*”

Hoan Le Hoa : “*Tenan? Sumpah?*”

Si Teng San : “*Wuadhuh, aku gelem nampa pasuwitanmu yèn aku, yèn aku ora nampa pasuwitanmu, cupet umurku aku mati dina iki!*”

Hoan Le Hoa : “*Tak luwari Radèn!*”

*Caking Pakeliran:*

Iringan sampak garap Laras Sléndro Pathet Nem irama seseg. Dua kayon sebagai ilustrasi gunung kembar yang menjepit tubuh Si Teng San dicabut.

## **7. Adegan Si Teng San Menerima Cinta Hoan Le Hoa**

Deskripsi:

Setelah terbebas dari jepitan gunung kembar, Si Teng San tidak menepati janjinya dan tetap bersikap dingin terhadap Hoan Le Hoa. Hal tersebut membuat Hoan Le Hoa kesal. Dengan kesaktiannya ia mendatangkan banjir yang menhanyutkan Si Teng San hingga pingsan. Melihat orang yang dicintainya tidak sadarkan diri, Hoan Le Hoa merasa bersalah dan segera memberikan pertolongan. Setelah siuman, Si Teng San menyadari ketulusan Hoan Le Hoa. Ia berterus terang bahwa dirinya sudah memiliki dua istri yaitu Tok Sen Tong dan Tam Kim Ting. Mendengar pernyataan tersebut Hoan Le Hoa tetap menerima Si Teng San seutuhnya. Si Teng San berjanji bahwa kelak akan melamar Hoan Le Hoa.

*Caking Pakeliran:*

Si Teng San *tancep* di *gedebog* atas sisi kanan menghadap ke kanan. Hoan Le Hoa *tancep* di *gedebog* atas sisi kiri menghadap ke kanan. Iringan *suwuk* dilanjutkan *pocapan*.

**Pocapan:**

Hoan Le Hoa : “*Radèn*”

Si Teng San : “*Apa!*”

Hoan Le Hoa : (Sambil mendekati Si Teng San) “*Mbok paduka menika, nyawang kula ngaten lho Radèn*”

Si Teng San : “*Emoh!*”

Hoan Le Hoa : (Sambil membalikkan badan) “*Bat tobat tobat, mau wis janji kepéngin ngladèni, gelem ngladèni aku, gelem nampa pasuwitanku lha kok iki mung malih molah-malih waé kepiyé*”

Si Teng San : (Sambil membalikkan badan) “*Ora sudi! Saiki aku wis luwar saka panandhangku hayo, aku duwé patembaya yèn kowé bisa matèni aku!*”

Hoan Le Hoa : (Membalikkan badan) “*Bat tobat tobat, kowé singlar saka janjimu! Apa dianggep Hoan Lé Hoa kuwi jirih getih wedi mati, dina iki, mandi apa kang tok ucapaké!*”

**Caking Pakeliran:**

Iringan sampak garap Laras Sléndro Pathet Nem irama seseg. Hoan Le Hoa kéntas ke kiri. Si Teng San tetap dalam posisi *tancep* di *gedebog* atas sisi kanan menghadap ke kiri. Iringan *suwuk* dilanjutkan *kandha*.

**Kandha:**

“*Kocap kacarita, natkala semanten Dèwi Hoan Lé Hoa, amuja banyu, sanalika dumadakan, onten salah sawijining tuk umbul, ingkang alit namung kémawon ana kaélokaning jagat, tuk saya gedhé saya gedhé, satemah ndadosaken banyu bah, banyu mbludag, nempuh angganira Sang Si Tèng San, temah kèrem sajroning banyu, tan ènget purwa duksina Sang Si Tèng San!*”

**Caking Pakeliran:**

Iringan sampak garap Laras Sléndro Pathet Nem irama seseg untuk mengiringi visualisasi Hoan Le Hoa dengan kesaktiannya berupa banjir bandang menenggelamkan Si Teng San hingga pingsan. Iringan *suwuk* dilanjutkan *pocapan*.

**Pocapan:**

Hoan Le Hoa : “*Bat tobat tobat Radèn Si Tèng San Radèn Si Tèng San, saèstu nyuwun diagung pangaksama paduka Radèn, kula kapeksa, makarti ingkang kados makaten, karana kula kepéngin paduka samangké saget, nampi pasuwitan kula Radèn, nadyan ta tan éling purwa duksina, samangké kula usadani Radèn Radèn Si Tèng San.*”

*Caking Pakeliran:*

Iringan sampak garap Laras Sléndro Pathet Nem irama seseg untuk mengiringi visualisasi Hoan Le Hoa menyembuhkan Si Teng San hingga siuman. Iringan suwuk dilanjutkan pocapan.

**Pocapan:**

Si Teng San : *“Wadhuh, aku nedha narima banget marang kowé Hoan Lé Hoa, nyatané aku wis ping pindho sajroning bebaya, nanging kanyata kowé sing bisa ngluwari aku, panjalukmu apa wong ayu?”*

Hoan Le Hoa : *“Dhuh Radèn Radèn, mugi ndadosna ing kauningan, samangké kula matur menapa wontenipun saèstu Radèn bilih ingkang wonten salebeting pasupenan kula menika, kula pinanggya kalawan panjenengan, Radèn Si Tèng San ingkang samangké, kula kedah suwita dhumateng panjenengan Radèn.”*

Si Teng San : *“Apa pancèn bener adreng nggonmu kepéngin suwita marang aku wong ayu?”*

Hoan Le Hoa : *“Dhuh Radèn, kula sumanggakaken jiwa raga kula, menapa paduka menika mboten nampi, pasuwitan kula krana menapa kula menika, mboten saé menapa kados pundi?”*

Si Teng San : *“Ora, kowé pancèn ayu Hoan Lé Hoa, nanging, prasajan waé, aku ora gelem nampa pasuwitanmu marga aku isin.”*

Hoan Le Hoa : *“Isin kados pundi?”*

Si Teng San : *“Apa pancèn bener kowé gelem nampa sawutuhé apa kang dadi jiwa ragaku?”*

Hoan Le Hoa : *“Nuwun inggih Radèn, prasajan kémawon kula badhé nampa sawetahipun.”*

Si Teng San : *“Nadyan ta aku uwis duwé bojo loro?”*

Hoan Le Hoa : *“Dos pundi?”*

Si Teng San : *“Aku uwis duwé bojo loro.”*

Hoan Le Hoa : *“Bat tobat tobat, apa ya jodhoku kuwi, pancèn pawongan iki lha kok wis duwé bojo loro, nèk dibojo kamangka aku dadi bojo sing katelu.”*

Si Teng San : *“Lha ya kuwi, prasajan waé, aku uwis duwé bojo loro, garwaku ingkang siji jenengé Tou Sian Tong, ingkang angka loro Tan Kim Tèng, manawa kowé gelem nampa sawutuhé, ya ora apa-apa, nanging nèk ora gelem ya uwis, aku ya ora apa-apa.”*

Hoan Le Hoa : *“Bat tobat tobat Radèn Radèn, pun mboten napa-napa.”*

Si Teng San : *“Bener? Nadyan ta aku uwis duwé bojo loro, kowé gelem dadi bojoku?”*

Hoan Le Hoa : *“Nuwun inggih Radèn, kula sumanggakaken jiwa raga kula jer nyatanipun paduka menika ingkang dados jodho kula.”*

Si Teng San : (Si Teng San nembang) *“Soroté, Sanghyang Candra, sumunar ngebaki ratri, wèh prabawa, tresna ngumbara, nganglang, ing bawana. Hoan Lé Hoa, entènana, samengkoné aku bakal nglamar kowé, mbok manawa wis pesthiné antarané Tong Thai Cong karo Han Kang Kuan dadi siji, sarana aku kalawan kowé wong ayu, mula dina iki sing, aku njaluk, lilaning atimu, aku bakal bali, matur kandha wong atuwaku, supaya nglamar sliramu wong ayu.”*

Hoan Le Hoa : *“Iya Si Tèng San, banget nggonku ngarep-arep, samengkoné kowé, kang bakal tak ladèni nganti praptèng delahan Si Tèng San.”*

#### *Caking Pakeliran:*

Iringan sampak garap Laras Sléndro Pathet Nem irama seseg untuk mengiringi visualisasi Si Teng San dan Hoan Le Hoa berjalan *kéntas* ke kanan. Dalang menggerakkan *kayon* disertai *dhodhogan* sebagai aba-aba irama iringan melambat. *Kayon tancep* di *gedebog* atas tepat di tengah *kelir* dengan posisi tegak bersamaan dengan iringan *suwuk antal*.

## Patet Sanga

### 1. Adegan *Gara-gara*

Deskripsi:

Punakawan Gareng, Petruk, dan Bagong *gegojègan* sambil bernyanyi dan menari. Tidak berselang lama Si Teng San mendatangi mereka bertiga. Si Teng San menyampaikan kepada para *punakawan* bahwa dirinya akan menikah dengan Hoan Le Hoa. Si Teng San segera beranjak pergi diikuti para *punakawan*.

*Caking Pakeliran:*

Dalang *ndhodhog geter* dilanjutkan *suluk Ada-ada Laras Sléndro Pathet Sanga wetah tumrap gara-gara*. Selesai *suluk* dilanjutkan *carita*.

#### ***Suluk Ada-ada Laras Sléndro Pathet Sanga Wetah Tumrap Gara-gara:***

*“Bumi gonjing mandhelong kang langit, samodra kocak sumamburat, kaya kinebur banyuné, hoyag kang gunung-gunung, ong, lemah bengkah mawetu geni, katempuhing bayu bajra, ngakasa jumeplug, kekayon rebah kadi dèn babati, prabawaning gara-gara, ong, hong.”*

***Carita:***

*“Gara-gara ana ing pakeliran wacinwa, natkala semanten, wijilira parepat panakawan, Garèng Pétruk kalawan Bagong, ingkang mlampah wonten ing tlatah Jawi Wétan!”*

*Caking Pakeliran:*

Selesai *carita* dalang memberi aba-aba dengan *dhodhogan* sebagai tanda mulainya iringan *Srampat Jawatimuran*. Dalang melakukan komposisi gerak *kayon* sebagai visualisasi *gara-gara*. Petruk keluar dari kanan dengan gerakan tangan *lèmbèhan* sekaligus sebagai aba-aba irama *Srampat* menjadi *rangkep*. Petruk menari sambil sesekali ikut *nyenggaki tembang*. Gareng dan Bagong satu-persatu keluar dari kanan sambil menari dan sesekali ikut *nyenggaki tembang*.

Petruk : (Keluar dari kanan sambil menari) *“Hé a! È!”*

Gareng : (Keluar dari kanan sambil *nembang*) *“É é é, hé a!”*

*Caking Pakeliran:*

Iringan *Srampat Jawatimuran suwuk antal*. Setelah iringan *suwuk* dilanjutkan *pocapan*.

***Pocapan:***

- Gareng : *“Wah jan, gara-gara maning Truk”*
- Petruk : *“Iya”*
- Gareng : *“Iki awaké dhéwé, dha metu gara-gara ditabuhi Srampat”*
- Petruk : *“Iya, iki gendhing saka Jawa Timur”*
- Gareng : *“He'em”*
- Bagong : *“Ning rasaku kawit mau ki kok ngambang terus ya”*
- Gareng : *“Lha ngapa?”*
- Bagong : *“Rasaku ki ngambang terus ora isa mak gler ngono ki marga ora ana gongé é, kawit mau kok ming gang geng gang geng haeng, haeng”*
- Petruk : *“Lha ya karang kahanané kuwi kok ya”*
- Bagong : *“Wah ngguhna wingi, nggawa gong ngono ya”*
- Gareng : *“Iya, ning ora dadi ngapa, ngéné Truk, iki awaké dhéwé, wis kapareng ndhèrèkaké pahargyan, ya kuwi anané pekan budaya Tiong Hoa”*
- Petruk : *“Iya”*
- Gareng : *“Iki wis paripurna Truk”*
- Petruk : *“Elho kok paripurna?”*
- Gareng : *“Elho tegesé, iki sing pamungkas, aku karo kowé kuwi, nèk ora klèru, iki ana ing pungkasaning pahargyan PPTY ngono.”*
- Petruk : *“Wo dinggo penutupan”*
- Gareng : *“He'em, wah aku seneng banget, wis gumreget gumrégah, nadyan ta ana ing wayah pandemi iki, budaya tetep lumaku”*
- Petruk : *“Iya, arepa kepiyé waé, awaké dhéwé kudu tetep nduwèni jiwa greget anggoné mbudaya nadyan ta ing masa pandemi iki, wong jalaran nadyan ta pandemi iki, panglipuré awaké dhéwé iki ora liya ya mung budaya iki nèk ana budaya iki dadi njur lali, lha banjur ora mikir corona.”*
- Bagong : *“He'em Truk, aku ya ngono kok Truk, timbangané ming mumet-mumet mikir karoni éh corona, iya ta, luwih becik aku mbudaya ngéné iki waé malah atiku seneng atiku tentrem, tur jaréné nèk tentrem kuwi menambah imun ngono ta”*
- Gareng : *“Iya, pancèné nèk wong seneng kuwi nambah imun mula, timbangané awaké dhéwé mikir ruwet-ruwet mikir sing ora-ora, awaké dhéwé, kaya ngéné iki rak seneng.”*

- Petruk : *“Iya”*
- Bagong : *“Wah tenan lho Truk aku mèlu wacinwa iki tak réwangi, adol apa-apa é ha gelo, nganti aku ki ora duwé sepatu, iya ta, iki, sepatuku wé krowak krikiti tikus, tungkakku ya mburi wé krikiti tikus, ning marga kegawa-gawa aku kudu mèlu iki iya ta, nadyan ta klambi silihan ora apa-apa nganggo klambi woah, rupané ijo, méga mendhung”*
- Petruk : *“Iya, anané akulturasi wayang iki anané, wayang Cina karo wayang Jawa iki minangka, pratandha, kalamun ta negarané awaké dhéwé iki wis dadi siji Gong, awaké dhéwé saiki budaya kuwi wis ora ana abang ijo kuning, biru ora ana, anané mung siji, kabèh budaya kang mapan ana ing Indonesia kuwi dadi budaya Indonesia, wis dudu budaya Tiong Hoa, wis dudu budayané wong Jawa tapi dadi siji, ngono, dadi nèk o kaé budayané Cina, wo iki budayané Jawa kuwi wis klèru, dudu budayané Jawa Cina, dudu Kalimantan dudu ning budaya Indonesia, ngono, marga awaké dhéwé kuwi wong Indonesia.”*
- Gareng : *“Iya Truk, semangat persatuan dan jiwa kesatuan kuwi kudu ditanemké nèng awaké dhéwé, iki sekaligus kanggo ngrubuhaké bèntèng pemisah, nèk ana wong sing ngotak-ngotakaké a b c d kuwi saiki wis klèru, saiki mapané dadi siji, wis ora ana kuwi menèh, sing ana mung, ya kuwi, budaya kang adiluhung, duwèké Indonesia kuwi mau.”*
- Petruk : *“Iya”*
- Bagong : *“Ah timbangané nyenyet aku ya tak anu, Rèng”*
- Gareng : *“Apa?”*
- Bagong : *“Wah timbangané ngéné iki, iki témané apa ta?”*
- Gareng : *“Ya lakoné kuwi mau, awaké dhéwé ki ndhèrèkaké gusti Si Tèng San ning sajaké gusti Si Tèng San kuwi, ana sing nyenengi.”*
- Bagong : *“Wah jan, aku kaya ngéné iki kok ora ana sing nyenengi ya, nèk ndara Si Tèng San ki nèng ndi nèng ndi kepethuk cèwèk dha kepéncut terus, dha njaluk dirabi é, ha ning nèk aku kok ora”*
- Gareng : *“Ha ya ngrumangsana nèk rupamu lambému é ndowèr kaya ngono kok, ketemu apa, nèk kon mbandhemi kuwi malah gelem!”*
- Bagong : *“Wah, ya kuwi mau lah aku tak nembang, aku tak njaluk bu sindhèn marga iki, ana sindhèné barang kok Truk”*
- Petruk : *“Elho wacinwa ki?”*
- Bagong : *“Lho wacinwa ki komplit, wacinwa kuwi, nèk, apa, biyèn, ya ta, kuwi ngerti ora, wacinwa ki sejatiné karyané, pak Gwan Tan Tsing.”*
- Petruk : *“O ngono”*



Bagong : *“He’em, pak Gwan Tan Tsing, lha sapeninggalan pak Gwan Tan Tsing kurang luwihé ya patang puluh loro sing kepungkur ngono, ya ta, kuwi ora ana dhalang, lha dhalangé kuwi, terus grèsèk-grèsèk lha aku ki klebu saiki, aku ndilalah aku weruh wayangé kuwi aku wis seneng terus aku dhéwé ya, ngothak-athik marga nèk nyilih wayang Sonobudoyo ki ora éntuk, dinggo mayang ngono ora éntuk, mula aku gawé dhéwé, supaya isa nggo, payu dhéwé nèng njaba ngono, lho ambak-ambak ngènè iki wis tekan Cina lho iki.”*

Gareng : *“Iya-iya ora”*

Bagong : *“Nha mula saka kuwi karyané pak Gwan Tan Tsing sing adiluhung iki aja ngantèk ditinggalké aja ngantèk dilalèkké, nèk perlu, muga-muga sésuk isa nurunké dhalang-dhalang wacinwa, sing ora siji, loro, telu, nèk perlu sepuluh, nèk perlu satus ngono, lha ngrembakané kabudayan iki kudu didukung karo berbagai lapisan, aku mangga, bapak-bapak, sedulur-sedulur kula sedhèrèk-sedhèrèk kula, ingkang samangké, wonten Komunitas Keperanakan Tiong Hoa menika mangga, menika dilestarèkké, menika dadi budayané awaké dhéwé”*

Petruk : *“Ngono Gong?”*

Bagong : *“He’em mèn dha nanggap, nèk ming nanggap ming pendhak Imlèk ngéné iki utawa pendhak Cap Go Mèh, utawa PPTY ngéné iki, ndhak suwé-suwé, semrepet, lha iki ki, gawé ngéné iki ya nganggo ragat é, ah aku tak nembang! Ha, iki sapa iki, aku njaluk bu sindhèn, e wingi ki laguné, anu kok kla kok keladuk ta, mung apa, guyonan, nha”*

Petruk : *“Apa kuwi?”*

Bagong : *“Ho’oh kapungkur dhing wah dhuh lali aku, guyonan kuwi rak sijiné, guyonan ki pélog barang é, kapungkur nha, kuwi alkisah suatu cerita, ana penggendèr, sing penggendèré kuwi seneng karo wong wédok ning éthok-éthoké kuwi mauné ming dolanan ngono, ha, karepé dolanan ning bareng kecanthèl tenan, malah terus ditinggal sing wédok, ngono, karepé ki arep dolanan kuwi ning malah, gentènan dinggo dolanan, ha kuwi mau entèk-entèkan njur mumet, njur grèsèk-grèsèk”*

Gareng : *“Kok grèsèk-grèsèk, ora ngawur ora”*

Bagong : *“Kamangka ki wongé ya bagus lho kok ditampik lho kuwi lha mangkané kuwi, berarti, wong bagus kuwi ora menjamin Rèng, ha nèk èlèk ditampik kuwi lumrah nèk bagus ditampik adhuh, sakit, ayo!”*

*Caking Pakeliran:*

Sinden menyanyikan *langgam Kapungkur Laras Sléndro Pathet Sanga*. Bagong menari sambil sesekali *nyenggaki tembang* yang dibawakan *pesindhèn*. Selama iringan dimainkan, Si Teng San keluar dari kanan kemudian *tancep* di gedebog atas sisi kanan menghadap ke kiri dihadap Gareng, Petruk, dan Bagong.

Petruk : *(Nyenggaki) “O, noninonino” (iringan mandheg)*

*Caking Pakeliran:*

Setelah *mandheg gendhing* dibunyikan lagi sampai *suwuk antal*. Dalang *ndhodhog geter* dilanjutkan *suluk Ada-ada Laras Sléndro Pathet Sanga wetah*. Selesai *suluk* dilanjutkan *pocapan*.

***Suluk Ada-ada Laras Sléndro Pathet Sanga Wetah:***

*“Lenglenging driya mangu mangungkung, kandhuan rimang, ong, kandhuan rimang lir léna, anandhang kanin, yèn tan tulusa, yèn tan tulusa mengku sang dyah utama, ong, hong.”*

***Pocapan:***

Si Teng San : *“Nala Garèng kalawan kowé Pétruk Bagong!”*

Gareng : *“Kula wonten dhawuh Ndara?”*

Petruk : *“Kula wonten dhawuh?”*

Bagong : *“Kula wonten dhawuh Dèn?”*

Si Teng San : *“Dina iki ayo, mèlu bareng karo aku, dina iki karsané kanjeng rama aku nampa pasuwitané Hoan Lé Hoa, lan karsané kanjeng rama dina iki aku kudu dhaup karo Hoan Lé Hoa.”*

Gareng : *“Wè jan, dadi mantèn niku seneng Dèn”*

Si Teng San : *“Iya”*

Gareng : *“Ning aja seneng dadi mantèn!”*

Si Teng San : *“Tegesé kepiyé?”*

Gareng : *“Lho dadi mantèn niku seneng nèk seneng nèk mantèn niku mesthi dilungguhké, kancané okèh dha teka ngèten nika mesthi seneng, ning nèk njur terus roba-rabi niku, njur kepiyun?”*

Si Teng San : *“Lha iya, nanging jan-jané kuwi dudu kekarepanku, mbok manawa kuwi wis dadi pesthining jagat, lelakonku kudu pancèn kaya mangkono.”*

Petruk : *“Nggih, mangga Dèn, manawi karsanipun kados mekaten kula namung ndhèrèkaken paduka mugi-mugi lebda ing karya nggih Dèn.”*

Si Teng San : *“Ayo Nala Garèng Pétruk Bagong!”*

Petruk : *“Nggih”*

Gareng : *“Ngga”*

Bagong : “Ngga”

*Caking Pakeliran:*

Iringan *srepegan Laras Sléndro Pathet Sanga* untuk mengiringi Si Teng San berjalan *kéntas* ke kiri diikuti Gareng, Petruk, dan Bagong. Dalang memainkan komposisi gerak *kayon* sebagai tanda pergantian adegan.

## **2. Jejer Han Kang Kuan, Hoan Hong Terbunuh**

Deskripsi:

Hoan Le Hoa datang menghadap Hoan Hong sambil menangis. Hoan Hong merasa heran karena di medan pertempuran Hoan Le Hoa terlihat unggul, sementara datang menghadapnya sambil menangis. Hoan Le Hoa berterus terang bahwa panglima pasukan musuh yang bernama Si Teng San ternyata adalah kesatria yang selama ini ia dambakan menjadi suami. Ia menyatakan lebih baik mati daripada tidak mendapatkan cintanya. Mendengar hal tersebut Hoan Hong marah dan menganggap Hoan Le Hoa sebagai pengkhianat. Ia menghunus pedang dan mulai menyerang Hoan Le Hoa. Beberapa kibasan pedang ia lancarkan namun Hoan Le Hoa berhasil menghindarinya. Hoan Le Hoa pun pasrah jika ia harus terbunuh oleh ayahnya. Hoan Hong mengibaskan pedang ke arah Hoan Le Hoa yang sudah pasrah, namun pedang tersebut justru menembus dadanya sendiri hingga tewas. Melihat Hoan Hong terbunuh, Hoan Le Hoa menangis dan memeluk jasad ayahnya.

*Caking Pakeliran:*

Hoan Hong *tancep* di *gedebog* atas sisi kanan menghadap ke kiri. Iringan *seseg* bersamaan dengan Hoan Le Hoa keluar dari kiri. Hoan Le Hoa *tancep* di *gedebog* bawah menghadap Hoan Hong. Iringan *suwuk seseg* dilanjutkan *pocapan*.

***Pocapan:***

Hoan Hong : “*Anakku wédok, kowé mlayu-mlayu ana apa hm? Miturut mbok bakul sinambéwara, kowé bisa ngunduraké para wadyabala saka Tong Thai Cong, malah kapara okèh sing padha tiwas wong-wong Tong Thai Cong, nanging nyatané lha kok kowé mundhuk-mundhuk nang ngarsané kanjeng rama ana apa?*”

Hoan Le Hoa : “*Dhuh Kanjeng Rama sadaya lepat nyuwun diagung pangaksama paduka Kanjeng Rama Déwaji*”

Hoan Hong : “*Ya kepiyé?*”

Hoan Le Hoa : “*Leres menapa ingkang dados pangandikanipun Rama, namung kémawon Rama wonten kaparenging galih kula badhé matur*”

Hoan Hong : “*Ya matura wong ayu, kowé anakku bocah wadon sing tak dama-dama, sing tak kekudang samengkoné bisa ngarumaké asmané wong tuwa.*”

Hoan Le Hoa : *“Dhuh Kanjeng Rama menapa manawi kula matur paduka Kanjeng Rama mboten badhé duka?”*

Hoan Hong : *“Ora, aku ora bakal nesu, marga sing matur kuwi anakku cah ayu, wahahahahaha, nyatané kowé sing bisa nentremaké kahanan Han Kang Kuan kéné, mula ora mokal yèn ta kowé, ora mung ditresnani kanjeng rama nanging uga ditresnani kawulamu”*

Hoan Le Hoa : *“Rama, sepindhah malih manawi kula matur Rama mboten badhé duka?”*

Hoan Hong : *“Ora aku ora bakal nesu”*

Hoan Le Hoa : *“Rama, kapejahana kula ndhèrèk Kanjeng Rama, samangké anggèn kula magut rananggana, kula pinanggih kaliyan Si Tèng San, salah sawijining manggalaning yuda nagari Tong Thai Cong, kamangka Rama, cundhuk kaliyan pasupenan kula, ugi, condhong kaliyan pangandikanipun guru kula, samangké Si Tèng San menika, Bénjangipun dados jatukrama kula Kanjeng Rama”*

Hoan Hong : *“Piyé!”*

*Caking Pakeliran:*

Iringan sampak garap Laras Sléndro Pathet Sanga irama seseg. Iringan suwuk seseg dilanjutkan pocapan.

***Pocapan:***

Hoan Le Hoa : *“Dhuh Kanjeng Rama Kanjeng Rama kala wau sampun duka Kanjeng Rama, kula matur namung salugunipun, èstunipun Si Tèng San menika sampun dangu tansah, wonten sajroning pasupenan kula, lan siyang ratri kula tansah ngupadi wonten pundi dunungipun Radèn Si Tèng San, nanging nyatanipun Radèn Si Tèng San menika salah satunggaling punggawa, manggalaning yuda nagari Tong Thai Cong.”*

Hoan Hong : *“Hoan Lé Hoa hm! Apa pantes matur kang kaya mangkono karo kanjeng rama, wong Tong Thai Cong kuwi mungsuhé wong Han Kang Kuan! Lha kok kowé wani-wani arep rabi karo wong Tong Thai Cong kuwi nalarmu kepiyé! Utekmu kepiyé! Hm! Kowé wis minger kéblatmu! Apa kowé arep nyukur bréngosé kanjeng rama! Nyukur alisé wong tuwa! Manungsa ora idhep tata! Hm! Ngerti wong Tong Thai Cong kuwi mungsuh karo Han Kang Kuan, lha kok kowé malah njaluk rabi karo wong Tong Thai Cong kuwi nalarmu kepiyé!”*

Hoan Le Hoa : *“Dhuh Kanjeng Rama Déwaji kapejahana kula ndhèrèk, nanging trimah pejah manawi kula mboten sesandhingan kaliyan Radèn”*

Hoan Hong : *“Kéné nèk arep njaluk mati tak patèni kowé!”*

*Caking Pakeliran:*

Iringan *sampak garap Laras Sléndro Pathet Sanga* irama *seseg*. Hoan Hong divisualisasikan memegang sebilah pedang. Iringan *suwuk* dilanjutkan *pocapan*.

***Pocapan:***

Hoan Le Hoa : “*Dhuh Kanjeng Rama, sadaya lepat nyuwun diagung pangaksama paduka Kanjeng Rama, kula sampun dipun pejahi Kanjeng Rama*”

Hoan Hong : “*Ora! Kowé bakalé dadi klilip, kowé wong Han Kang Kuan nanging kowé ora bisa njaga aruming wong tuwa! Mula dina iki yèn kowé njaluk mati, tak patèni dina iki kowé Hoan Lé Hoa!*”

Hoan Le Hoa : “*Dhuh Rama!*”

Hoan Hong : “*Oh!*”

***Caking Pakeliran:***

Iringan *sampak garap Laras Sléndro Pathet Sanga* irama *seseg*. Hoan Le Hoa divisualisasikan menghindari setiap serangan pedang yang dilancarkan Hoan Hong. Iringan *sirep seseg* dilanjutkan *kandha*.

***Kandha:***

“*Kocap kacarita, Dèwi Hoan Lé Hoa ingkang sampun pasrah, kapejahi déning ingkang rama, karana mboten sarju ingkang rama bilih Hoan Lé Hoa badhé dhaup kaliyan Si Tèng San, èsthining galih, nedya angukum Sang Hoan Lé Hoa, lumarap natkala semanten pedhang cumlorot cahyané, ngèngingi angganira Sang Hoan Lé Hoa, nanging ana kaélokaning jagat, dupi Hoan Lé Hoa kénging dayaning pusaka mboten tumama, satemah pusaka mlèsèt, ngèngingi jajanira Sang Prabu Hoan Hong, satemah plakapidara pejah sanalika!*”

***Caking Pakeliran:***

Iringan *gesang* untuk mengiringi visualisasi Hoan Hong terkena pedangnya sendiri hingga tewas saat menyerang Hoan Le Hoa.

Hoan Hong : “*Mati kowe! Wadhuh! Wah! Wah!*”

Hoan Le Hoa : “*Dhuh Rama Rama*”

***Caking Pakeliran:***

Hoan Le Hoa divisualisasikan memeluk jasad Hoan Hong. Iringan *suwuk* dilanjutkan *pocapan*.

***Pocapan:***

Hoan Le Hoa : “*Dhuh Rama Rama, sadaya lepat nyuwun diagung pangaksama paduka Rama, kula mboten niat nyidra paduka Kanjeng Rama Déwaji, nanging kénging menapa, kénging menapa malah paduka suduk salira Kanjeng Rama*”

Hoan Li Ong : “*Mbakayu Hoan Lé Hoa! Mbakayu Hoan Lé Hoa! Rama kénging napa!*”

Caking Pakeliran:

Iringan sampak garap Laras Sléndro Pathet Sanga irama seseg untuk mengiringi keluarnya Hoan Li Ong dan Hoan Ho.

### **3. Adegan Hoan Li Ong dan Hoan Ho Terbunuh**

Deskripsi:

Hoan Li Ong dan Hoan Ho mendatangi Hoan Le Hoa yang sedang menangis sambil memeluk tubuh Hoan Hong yang sudah bersimbah darah. Setelah mendengar cerita dari kakaknya, mereka beranggapan bahwa penyebab kematian ayahnya tidak lain adalah Hoan Le Hoa. Mereka segera memegang tombak masing-masing untuk membunuh Hoan Le Hoa. Hoan Le Hoa pun pasrah jika harus terbunuh oleh adik-adiknya. Hoan Li Ong dan Hoan Ho segera menyerang Hoan Le Hoa dengan tombaknya, namun tombak-tombak tersebut justru menembus dada mereka berdua hingga keduanya tewas. Melihat kedua adiknya terbunuh, Hoan Le Hoa menangisinya.

Caking Pakeliran:

Hoan Li Ong *tancep* di *gedebog* atas sisi kanan dan Hoan Ho *tancep* di *gedebog* atas sisi kiri. Keduanya mengdahap ke arah Hoan Le Hoa yang sedang memeluk jasad Hoan Hong di tengah *kelir*. Iringan *suwuk* dilanjutkan *pocapan*.

**Pocapan:**

Hoan Li Ong : “*Mbakayu, ba bapak kénging menapa? Rama kénging menapa Mbakayu?*”

Hoan Le Hoa : “*Aku dhéwé ora ngerti, nanging natkala samana yèn aku matur kepéngin dhaup karo Radèn Si Tèng San, asliné Rama bakal marjaya marang aku, nanging aku uga ora ndugamana, yèn ta Rama malah suduk salira, Yayi*”

Hoan Li Ong : “*Wadhuh Rama Rama! Wah!*”

Caking Pakeliran:

Iringan sampak garap Laras Sléndro Pathet Sanga irama seseg. Secara bersamaan Hoan Li Ong dan Hoan Ho divisualisasikan memeluk jasad Hoan Hong sesaat dan kembali *tancep* di posisi semula. Keduanya divisualisasikan memegang senjata tombak. Iringan *suwuk* dilanjutkan *pocapan*. Selesai *pocapan* dilanjutkan *kandha*.

**Pocapan:**

Hoan Li Ong : *“Mbakayu! Mbakayu! Hoan Lé Hoa! Patiné Kanjeng Rama ora liya mung saka pakartimu, kowé kang mothah kepéngin rabi karo Si Tèng San, satemah puteg pikiré Kanjeng Rama banjur suduk salira, yektiné kowé sing njalari Kanjeng Rama tumekaning pati, mula dina iki, luwih becik kowé tak untapaké nyawamu ana ing naraka jahanam!”*

Hoan Le Hoa : *“Aja kaya mangkono, Hoan Lé Ong Hoan Ho aku mbakayumu”*

**Kandha:**

*“Kocap kacarita, gempung tiyasira, Radèn Hoan Lé Ong kalawan Hoan Ho, sanalika sami ngunus pusaka tumbak, ing cipta nedya kasanggakaken ing jajanira Sang Hoan Lé Hoa, nanging kaya dèn ayomi déning déwané, sanalika tumbak kacocokaken jajanira Hoan Lé Hoa mboten tumama, satemah mlèsèt kekaroné, sarwi suduk salira déning pribadi, kekalihira pejah plak kapidara!”*

*Caking pakeliran:*

Iringan sampak garap Laras Sléndro Pathet Sanga. Hoan Li Ong dan Hoan Ho divisualisasikan bersiap menyerang Hoan Le Hoa dengan tombak masing-masing.

Hoan Le Hoa : *“Aja ya Dhi”*

Hoan Li Ong : *“Hayo! Wah!”*

Hoan Ho : *“Hadhuh! Wa! Wah!”*

Hoan Le Hoa : *“Adhuh adhiku Dhi adhiku Dhi”*

*Caking Pakeliran:*

Irama iringan menjadi *seseg* saat Hoan Li Ong dan Hoan Ho divisualisasikan terkena tombaknya sendiri hingga tewas. Dalang memainkan komposisi gerak *kayon* sebagai tanda pergantian adegan.

#### **4. Adegan Si Teng San Melamar Hoan Le Hoa**

Deskripsi:

Thia Kau Kim dan Si Teng San mendatangi Hoan Le Hoa. Thia Kau Kim menyampaikan bahwa maksud kedatangannya adalah melamar Hoan Le Hoa untuk menjadi istri Si Teng San. Hoan Le Hoa menerima lamaran tersebut dan bersedia dibawa ke hadapan raja Li Si Bin. Kelak di hadapan Li Si Bin lah Hoan Le Hoa dan Si Teng San dinikahkan. Mereka bertiga segera pergi untuk bergabung bersama pasukan Tong Thai Cong.

*Caking Pakeliran:*

Thia Kau Kim *tancep* di *gedebog* atas sisi kanan menghadap ke kiri. Si Teng San *tancep* di *gedebog* bawah sisi kanan menghadap ke kiri tepat di belakang Thia Kau Kim. Hoan Le Hoa *tancep* di *gedebog* bawah sisi kiri menghadap ke kanan. Iringan *suwuk* dilanjutkan *pocapan*.

***Pocapan:***

Thia Kau Kim : “*Iki kaya Hoan Lé Hoa?*”

Hoan Le Hoa : “*Nuwun inggih kasinggihan, paduka menika sinten?*”

Thia Kau Kim : “*Aku Penaséhat Thia Kau Kim, utusané Sinuwun Prabu Li Si Bin.*”

Hoan Le Hoa : “*Nuwun inggih karsanipun kados pundi?*”

Thia Kau Kim : “*Apa pancèn bener, kowé kang aran Hoan Lé Hoa, kang ditresnani déning Si Tèng San?*”

Hoan Le Hoa : “*Nuwun inggih kasinggihan, Penaséhat Thia Kau Kim, adrenging manah kula, kula kepéngin suwita dhumateng panjenenganipun Radèn Si Tèng San*”

Thia Kau Kim : “*Ya, yèn kaya mangkono, aku minangka panglamar hayo, tak larapaké ana ing ngarsané Kanjeng Sinuwun Li Si Bin, samengko kowé bakal, didhaupké, karo Si Tèng San*”

Hoan Le Hoa : “*Mangga kula dhèrèkaken*”

***Caking Pakeliran:***

Iringan *sampak garap Laras Sléndro Pathet Manyura*. Thia Kau Kim, Si Teng San, dan Hoan Le Hoa berjalan *kéntas* ke kanan.



## Patet Manyura

### 1. Adegan Si Teng San Menikah dengan Hoan Le Hoa

Deskripsi:

Si Teng San dan Hoan Le Hoa melangsungkan pernikahan. Si Teng San bermaksud menemui orang tua Hoan Le Hoa. Hoan Le Hoa berterus terang bahwa keluarganya tidak setuju jika ia menikah dengan Si Teng San. Bahkan keluarganya dan seluruh rakyat Han Kang Kuan bermaksud membunuhnya karena ia dianggap sebagai pengkhianat. Alasan itulah yang membuat Hoan Le Hoa memilih meninggalkan kehidupannya di Han Kang Kuan. Si Teng San pun menerima Hoan Le Hoa sepenuhnya.

*Caking Pakeliran:*

Si Teng San dan Hoan Le Hoa keluar dari bawah tepat di tengah *kelir* dengan posisi saling berhadapan. Si Teng San *tancep* di *gedebog* atas sisi kanan menghadap ke kiri. Hoan Le Hoa *tancep* di *gedebog* atas sisi kiri dengan posisi membelakangi Si Teng San. Iringan *suwuk* dilanjutkan *suluk Ada-ada Laras Sléndro Pathet Manyura wetah*. Saat *suluk* sedang berlangsung, Hoan Le Hoa berbalik menghadap ke arah Si Teng San dengan posisi *tancep* di *gedebog* bawah sisi kiri. Selesai *suluk* dilanjutkan *pocapan*.

***Suluk Ada-ada Laras Sléndro Pathet Manyura Wetah:***

*“Ong, ong ong, jumangkah hanggero sru sesumbar, lindhu bumi gonjing, umob kang jalanidhi, ong, hong.”*

***Pocapan:***

Si Teng San : *“Mengko dhisik Hoan Lé Hoa, kaya-kaya atiku ora prayoga, yèn ta aku durung bisa sapatemon kalawan wong atuwamu.”*

Hoan Le Hoa : *“Dhuh Radèn Si Tèng San, prasajan kémawon, bilih, kula ngantos ninggal Han Kang Kuan menika karena kulawarga kula mboten sarujuk, manawi kula dhaup kaliyan panjenengan, pramila, kula lajeng mlajar saking Han Kang Kuan, karena kula badhé dipun pejahi kalawan, adhi-adhi kula sarta Kanjeng Rama, miwah para kawula ing Han Kang Kuan, nalika para kawula Han Kang Kuan ngertos manawi kula badhé suwita wonten ngarsanipun paduka Radèn Si Tèng San, satemah piyambakipun murka, lajeng kula dipun potha-potha badhé dipun pejahi, dhuh Radèn sampun mboten wonten papan dunung kula, kula ndhèrèk sinten kajawi kula ndhèrèk panjenengan, ngantos kula ninggal sadaya kadonyan kula ing Han Kang Kuan, karena kula namung, badhé suwita dhumateng paduka, Radèn Si Tèng San”*

Si Teng San : *“Oh ayu tenan kowé wong ayu”*

*Caking Pakeliran:*

Iringan *sampak garap Laras Sléndro Pathet Manyura* irama *seseg*. Si Teng San divisualisasikan memeluk Hoan Le Hoa sesaat kemudian melepaskannya. Keduanya divisualisasikan berpegangan tangan dengan posisi saling berhadapan. Iringan *suwuk* dilanjutkan *pocapan*.

**Pocapan:**

Si Teng San : “*Ya Hoan Lé Hoa, aku ora bakal nguciwani apa kang dadi katresnanmu marang aku, kanggo tandha katresnanku marang kowé, saiki aku karo kowé dadi siji bebarengan, nempuh baitaning kulawarga, kanthi kidung osiking tresna, bakal tak pisungsumaké kanggo kowé wong ayu Hoan Lé Hoa.*”

**Caking Pakeliran:**

Iringan *langgam Osiking Tresna Laras Sléndro Pathet Manyura* untuk mengiringi visualisasi romantis antara Si Teng San dan Hoan Le Hoa. Iringan menjadi *ayak-ayakan garap Laras Sléndro Pathet Manyura* sebagai peralihan ke adegan berikutnya.

## **2. Adegan Perang Prajurit Han Kang Kuan Melawan Prajurit Tong Thai Cong**

**Deskripsi:**

Sisa pasukan Han Kang Kuan yang masih setia kepada Hoan Hong bertempur habis-habisan menghadapi pasukan Tong Thai Cong. Panglima Cin Han dan Tou It Hou berhasil memukul mundur pasukan Han Kang Kuan tersebut.

**Caking Pakeliran:**

Iringan menjadi *sampak garap Laras Sléndro Pathet Manyura*. Liu Tan *tancep* di *gedebog* atas sisi kanan menghadap ke kiri. Prajurit 1 *tancep* di *gedebog* atas sisi kiri menghadap ke kanan. Iringan *suwuk* dilanjutkan *suluk Ada-ada Laras Sléndro Pathet Manyura jugag*. Selesai *suluk* dilanjutkan *pocapan*.

**Suluk Ada-ada Laras Sléndro Pathet Manyura Wetah:**

“*Jumangkah hanggero sesumbar, lindhu bumi gonjing, éng.*”

**Pocapan:**

Prajurit 1 : “*Kakang, Kakang Liu Tan, iki Hoan Lé Hoa wis mérong kampuh jingga, wurung tan wurung mengko Han Kang Kuan bakal lebur tumpur tanpa dadi.*”

Liu Tan : “*Hayo, Yayi, dina iki ngraman, marga aku krungu pakabaran kalamun ta Hoan Lé Hoa saiki wis dhaup karo sing jenengané Si Tèng San, ayo, bareng-bareng, ketapké para wadyabala Han Kang Kuan sing isih setya, karo Sinuwun Prabu Hoan Hong, gempur wong Tong Thai Cong!*”

Prajurit 1 : “*Ayo Kakang gempur bebarengan!*”

*Caking Pakeliran:*

Iringan *sampak garap Laras Sléndro Pathet Manyura*. Liu Tan dan prajurit 1 berjalan *kéntas* ke kiri. Liu Tan berpapasan dengan Cin Han. Iringan *suwuk* dilanjutkan *pocapan*.

**Pocapan:**

Liu Tan : “*Iki sapa?*”

Cin Han : “*Aku Cin Han, balik kowé sapa?*”

Liu Tan : “*Wah! Ora usah ngerti jenengku aku wong Han Kang Kuan ayo, dina iki bélékna patiné Sinuwun Prabu Hoan Hong!*”

Cin Han : “*Mati déning aku!*” (menghantam Liu Tan)

Liu Tan : “*Wuah!*”

*Caking Pakeliran:*

Iringan *sampak garap Laras Sléndro Pathet Manyura* irama *seseg* untuk mengiringi visualisasi pertarungan antara Cin Han melawan Liu Tan dan Tou It Hou melawan prajurit 1. Iringan menjadi *sampak Obongan Laras Sléndro Pathet Manyura* saat prajurit 1 dan Liu Tan *kasaput barat* oleh Tou It Hou.

### **3. Adegan Sumpah Setia Hoan Le Hoa kepada Si Teng San**

Deskripsi:

Hoan Le Hoa menyatakan kesetiannya kepada Si Teng San. Ia berharap dapat selalu bersama Si Teng San sampai mati.

*Caking Pakeliran:*

Iringan menjadi *sampak garap Laras Sléndro Pathet Manyura*. Si Teng San dan Hoan Le Hoa keluar dari bawah tepat di tengah *kelir* dengan posisi saling berhadapan. Si Teng San *tancep* di *gedebog* atas sisi kanan dan Hoan Le Hoa *tancep* di *gedebog* atas sisi kiri. Keduanya divisualisasikan saling berhadapan dan saling berpegangan tangan. Iringan *suwuk* dilanjutkan *pocapan*. Selesai *pocapan* dilanjutkan *kandha*.

**Pocapan:**

Hoan Le Hoa : “*Dhuh Radèn, menika ingkang dados osiking tresna kula, tresnanipun pun Hoan Lé Hoa, mugi samenika ngantos salaminipun, tresna kula lan panjenengan langgeng, samenika ngantos praptèng delahan.*”

**Kandha:**

*“Sineksèn jagat saisiné!”*

*Caking Pakeliran:*

Iringan *sampak Obongan Laras Sléndro Pathet Manyura* untuk mengiringi visualisasi gerak *kayon*. Iringan *suwuk* tepat pada saat *tancep kayon* sebagai penutup *pakeliran*.

---\*\*\*\*\*---

## **Bab 4 Penutup**

Naskah lakon Osinging Tresna Hoan Le Hoa ini semula dirancang secara garis besar, sehingga dalang diberi kesempatan untuk mengisi ruang-ruang kosong yang belum ditulis oleh perancang. Namun karena pementasan akan direkam dan diberi batas waktu yang ketat, maka naskah perancangan ini dicoba selengkap mungkin. Naskah dirancang berisi diskripsi tiap jejer/adegan, teks sulukan, iringan, pocapan, dan janturan.

Untuk mewujudkan rancangan yang lengkap, penulis naskah melakukan serangkaian diskusi dengan calon dalang dan calon penata iringan sehingga terjadi kesamaan pemahaman dan kesepakatan-kesepakatan. Oleh karena proses yang berlangsung seperti ini, akhirnya naskah menjadi sangat lengkap, dan naskah ini menjadi tuntunan dalang dan penata iringan dalam mewujudkan pertunjukan ini.

Cerita yang tersaji dalam naskah ini kalau dalam ketoprak Yogyakarta terdapat dalam cerita percintaan antara Sutrisno dengan Waryanti.

Naskah ini nantinya juga dapat dipertunjukkan pada kesempatan pentas yang lain.

## Daftar Pustaka

Prasetya, Hanggar Budi. (2014). Pengantar Kuratorial Pameran Wacinwa (Wayang Cina Jawa) Silang Budaya Cina - Jawa Koleksi Museum Negeri Sonobudoyo. *Katalog Pameran*. Yogyakarta: Museum Negeri Sonobudoyo.  
<http://digilib.isi.ac.id/1101/1/wayang%20cina%20jawa.pdf>

Mastuti, DWR; Prasetya, HB; Albiladiyah, SI; Hariwijaya. (2015). *Kajian Wacinwa : Silang Budaya Cina-Jawa: Koleksi Museum Negeri Sonobudoyo*. Yogyakarta: Museum Sonobudoyo.

Suastika, Otto. (1983). *Sie Djin Koei Tjeng See*. Jakarta: Zambhala

## Review Karya Seni Pedalangan

Yang bertanda tangan di bawah ini,

Nama : Prof. Dr. Kasidi Hadi Prayitno, MHum  
Jabatan : Guru Besar Seni Pedalangan  
Unit Kerja : Fakultas Seni Pertunjukan, Institut Seni Indonesia Yogyakarta


Telah melakukan pengamatan dan analisa terhadap naskah karya seni dari

Nama : Dr. St. Hanggar Budi Prasetya, SSn., M.Si  
Judul Karya Seni : Osiking Tresna Hoan Le Hoa  
Dipentaskan pada : Pameran Harmoni Cina Jawa, 26 Maret 2021  
Pelaksana : Kerjasama antara Museum Sonobudoyo, Panitia Pekan Budaya Tionghoa, dan Jurusan Pedalangan  
Link pertunjukan : <https://www.youtube.com/watch?v=2IV1XLUJnKY&t=2731s>

Berdasarkan pengamatan dan analisis dapat disampaikan bahwa karya tersebut memiliki nilai kebaruan dalam karya pedalangan dan naskah tersebut memiliki kontribusi pada konservasi dan pengembangan Wayang Cina Jawa. Dari sudut pandang pengembangan ilmu, naskah tersebut memiliki bobot ilmiah yang dapat dipertanggungjawabkan.

Demikian review terhadap karya seni ini disampaikan dengan sesungguhnya.

Yogyakarta, 27 Maret 2021



Prof. Dr. Kasidi Hadi Prayitno, MHum

## Review Karya Seni Pedalangan

Yang bertanda tangan di bawah ini,

Nama : Dr. Sunardi, S.Sn., MSn.

Jabatan : Dosen Prodi Seni Pedalangan, Fakultas Seni Pertunjukan

Unit Kerja : Institut Seni Indonesia Surakarta

Telah melakukan pengamatan dan analisa terhadap naskah karya seni dari

Nama : Dr. St. Hanggar Budi Prasetya

Judul Karya Seni : Osiking Tresna Hoan Le Hoa

Dipentaskan pada : Pameran Harmoni Cina Jawa, 26 Maret 2021

Pelaksana : Kerjasama antara Museum Sonobudoyo, Panitia PBTY, dan Jurusan Pedalangan

Link pertunjukan : <https://www.youtube.com/watch?v=2IV1XLUJnKY&t=2731s>

Berdasarkan pengamatan dan analisis terhadap karya tersebut dapat disampaikan bahwa karya tersebut memiliki nilai kebaruan dan belum dijumpai karya sebelumnya. Karya ini memiliki nilai konservasi dan pengembangan Wayang Cina Jawa. Secara akademis, karya ini memiliki sumbangat dalam pengembangan keilmuan pedalangan.

Demikian review karya seni ini dibuat dengan sesungguhnya.

Surakarta, 27 Maret 2021



Dr. Sunardi, S.Sn., MSn.